



Pou Piblikasyon Imedya: 18/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, PWOKIRÈ JENERAL JAMES, AK BIWO JESYON KANABIS
LA TE FÈMEN MAGAZEN KANABIS SAN LISANS NAN BROOKLYN**

Big Chief Smoke Shop nan Bay Ridge vann pwodwi kanabis ki pa reglemante epi li te inyore lòd repete yo pou sispann opere san lisans

Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral James ak OCM te fèmen nèf magazen kanabis san lisans ane sa a

Gouvènè a te siyen lejislasyon ki bay Biwo Jesyon Kanabis ak Pwokirè Jeneral la nouvo pouvwa pou pran mezi kont dispansè kanabis ki pa gen lisans yo an me 2023 nan kad bidjè adopte ane fiskal 2024 la

Gouvènè Kathy Hochul, Pwokirè Jeneral New York la, Letitia James ak Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) jodi a te fèmen yon magazen kanabis nan Bay Ridge, Brooklyn, ki se Big Chief Smoke Shop, paske li opere san lisans. Big Chief te vann kanabis san lisans epi li te inyore lòd repete OCM ak lòt otorite fòs lòd yo pou yo sispann opere. Envestigatè OCM ak Depatman Enpo ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) Eta New York te enspekte magazen an de fwa epi yo te konfiske plis pase 600 liv kanabis ak pwodui kanabis ke OCM pa te teste. Anplis fèmti magazen an, Pwokirè Jeneral James ak OCM ap chèche sanksyon pou pwopriyetè magazen an ak pwopriyetè bilding kote magazen an ye a paske li pèmèt yon biznis ilegal opere sou pwopriyete a. Pwopriyetè magazen an ka resevwa amann plizyè milyon dola kòm sanksyon akòz aksyon jodi a. Sa a se nevyèm magazen kanabis san lisans Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral James ak OCM te fèmen.

"Nou pa gen okenn tolerans pou detayan ilegal ki vyole lwa a epi ki sabote endistri kanabis pou itilizasyon adilt nou an k ap mennen nan peyi a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sit sa a te vyole yon fason flagran lwa kanabis New York yo epi mwen fyè dèske m ap travay ak Pwokirè Jeneral la pou fèmen sa a. Avèk premye detayan kanabis legal Brooklyn yo ki ap ouvri mwa sa a ak boutik ilegal k ap kontinye fèmen, n ap franchi enpas nan direksyon pou konstwi yon endistri kanabis ki pi solid, pi an sekirite."

Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare, "Magazen kanabis ki pa gen lisans k ap vann pwodwi ki pa reglemante yo reprezante yon risk sante pou Nouyòkè yo epi yo fè

mal pou biznis k ap suiv règ yo. Nouyòkè ki achte ak itilize kanabis pa ta dwe enkyete sou kalite ak sekirite pwodwi yo ap achte yo, se poutèt sa tout boutik yo dwe gen lisans ak reglemante. Biznis kanabis yo, menm jan ak nenpòt lòt endistri nan New York, dwe swiv règ ak règleman yo pou opere san danje epi peye yon pati ki jis nan taks pa yo. Sante piblik ak sekirite se yon pi gwo priyorite epi Gouvènè Hochul ak mwen pral kontinye pouswiv moun ki eseye fè kominote nou yo mal."

Chris Alexander, Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis Eta New York la, te deklare, "Ekip aplikasyon lwa OCM ak DTF yo te travay avèk dilijans pou fèmen biznis kanabis ilegal yo nan chak kwen eta a. Kounye a yo deja fè dè santèn enspeksyon regilasyon ki te lakòz yo sezi kantite kanabis ilegal enpòtan. Gras ak aksyon Gouvènè a, Pwokirè Jeneral la ak Lejislati a te pran, nou kapab pouswiv fèmti pèmanan pou operatè ilegal ki pi flagran nan New York yo. Nou gen anpil travay pou nou fè men n ap kontinye pwoteje sa n ap konstwi a epi asire ke revni ki gen entansyon rekonstwi kominote yo pa ale plen pòch operatè sa yo k ap vann pwodwi ki pa teste epi ki pa an sekirite ki menase sante piblik konsomatè kanabis New York yo."

Lwa New York sou kanabis la egzije pou nenpòt moun ki kiltive, trete, oswa vann nenpòt pwodwi kanabis dwe anrejistre ak gen lisans Komisyon Kontwòl Kanabis Eta New York (Konsèy Kanabis). Pwodwi kanabis biznis ki pa gen lisans yo vann pa sibi tès nan laboratwa nan enstalasyon OCM yo, yo ka danjere, epi yo pa takse, epi yo ka pa nan anbalaj ki repouse timoun. Lwa a otorize Biwo Pwokirè Jeneral (Office of the Attorney General, OAG) la, sou demann OCM, pou angaje pwosedi kont nenpòt moun ki vyole Lwa Kanabis la.

Big Chief Smoke Shop te vann kanabis san lisans depi omwen nan novanm 2022. Nan mwa out 2023, investigatè OCM ak DTF yo te enspekte magazen an epi yo te jwenn ke magazen an te vann flè kanabis, konsantre, aparèy pou aspire vapè, pwodui komestib, ak jwen kanabis san yo pa gen yon lisans pou vann kanabis ke OCM te bay. Investigatè yo te konfiske apeprè 161 liv flè kanabis, 137 liv pwodwi kigen kanabis 108 liv konsantre kanabis, ak 60 liv jwen kanabis. OCM te pibliye yon Avi sou Vyolasyon ak Lòd pou Sispann Aktivite San Lisans bay pwopriyetè magazen an pou li te opere san lisans epi li te pibliye Avi Vyolasyon ak Lòd pou Sispann Aktivite San Lisans lan ansanm ak avètisman ki enfòmè piblik la sou danje ki genyen nan kanabis ilegal sou vitrin devan magazen yo. Nan yon enspeksyon swivi nan mwa oktòb la, investigatè OCM yo te obsève ke yo te kouvri dokiman OCM ki afiche sou fenèt devan magazen an epi magazen an te toujou vann kanabis aktivman. Nan enspeksyon oktòb la, investigatè yo te sezi plis pase 200 liv kanabis ilegal epi yo te bay yon lòt Avi Vyolasyon ak Lòd pou Sispann Aktivite San Lisans yo. Valè total konbine yo sezi yo plis pase 7.6 milyon dola.

Lidè kominote lokal yo te konfwonte vokalman Big Chief Smoke Shop epi konsèy kominotè lokal la te pase yon rezolisyon inanim pou fèmen magazen ki pa gen lisans nan katye pa yo.

Senatè Andrew Gounardes te deklare, "Big Chief te non sèlman bafwe lwa kannabis New York yo, men tou yo se yon move vwazen pèpetyèl. Mwen soulaje paske yo

finalman fè fas ak aksyon eta ki sevè epi yo pral fè fas ak responsablite. Lè lejislati eta a te pase lwa pou ranfòse aplikasyon lwa, se egzakteman sa nou te panse. Mwen vle remèsye Pwokirè Jeneral James ak Gouvènè Hochul paske li finalman te pèmèt petisyon sa a fèmen Big Chief epi paske li te rete angaje pou asire ke magazen legal nou yo ki gen lisans yo se sèl yo menm ki gen pwodwi sou mache a."

Manm Konsèy Vil New York la Justin Brannan te deklare, "Pandan ke mwen te toujou sipòte legalizasyon ak règleman marigwana, jèn endistri legal nan New York la te afebli pa magazen ilegal ki ouvri tout kote ak k ap fè yo pase kòm dispansè lejitim. Magazen potri ilegal sa yo te vòlè revni taks nan men eta a, epi yo te vòlè biznis nan men pwopriyetè ti dispansè legal ki swiv lalwa epi opere ak bonfwa. Si nou pran swen yon endistri marigwana legal ki solid epi ki an sekirite nan New York, lè sa a nou dwe fèmen move aktè yo. Malgre plizyè pèkiisyon ak fèmti tanporè, Big Chief te bafwe alafwa lalwa ak yon kantite plent katye eskadale nan fonksyone magazen ilegal yo. Pou byen kominote nou an, ak endistri marigwana legal New York la an jeneral, jodi a nou rann Big Chief responsab. Mwen vle remèsye Pwokirè Jeneral la, Gouvènè a ak ekip yo paske yo te travay avèk nou yon fason etwat pou fè sa rive yon fwa pou tout — yon gwo viktwa pou kominote a."

Sou demann OCM, Pwokirè Jeneral James te depoze yon petisyon pou sekou ijans dapre Seksyon 16-a Lwa Kanabis la pou l chèche fèmen imedyatman Big Chief Smoke Shop epi anpeche pwopriyetè a distribye, livre, opere, ak vann pwodui kanabis nan New York. Anplis de sa, petisyon an ap chèche egzije pwopriyetè magazen an peye penalite paske li vyole Lwa Kanabis New York la. Lwa sou Kanabis la enpoze yon penalite 10,000 dola pou chak jou kote yon moun vann kanabis san lisans, ak yon penalite 20,000 dola pou chak jou yon moun kontinye vann kanabis apre li fin resevwa yon lòd pou sispann opere nan men OCM.

Anplis de sa, petisyon an mande sanksyon sivil pou pwopriyetè bilding kote Big Chief Smoke Shop ye a poutèt yo pèmèt yon biznis ilegal opere nan pwopriyete pa yo. Yo te deja notifiye pwopriyetè bilding lan ke yon biznis ilegal t ap fonksyone nan pwopriyete pa li epi poutan Big Chief Smoke Shop te kontinye rete ouvè pou plis pase yon ane. Dapre Lwa sou Kanabis la, pwopriyetè bilding yo ka resevwa amann 10,000 dola pa jou paske yo pèmèt lavant kanabis san lisans sou pwopriyete yo a.

Petisyon ki menm jan OCM ak Pwokirè Jeneral James te depoze te lakoz apwobasyon tribinal la pou kadnase magazen kanabis san lisans yo ki sible nan aksyon sa yo. Nan dat 29 novanm, yo te jwenn yon lòd ki otorize OCM pou kadnase imedyatman yon magazen kanabis san lisans nan Konte Ontario, ki te egzekite de jou apre. Anvan sa, nan mwa jiyè, yon jij Tribinal Siprèm te siyen yon lòd poufèmen sèt dispansè kanabis san lisans imedyatman nan konte Cayuga, Oswego, ak Wayne, ki finalman te lakoz fèmti pèmanan magazen sa yo nan dat 21 novanm epi te etabli yon presedan enpòtan ki sipòte Otorite Eta a pou chèche fèmti alontèm nan biznis yo jwenn k ap vann kanabis san lisans. Yon evalyasyon total penalite yo nan ka sa a pral finalize nan semèn k ap vini yo.

Envestigatè OCM ak DTF kontinye fè enspeksyon atravè Eta a chak semèn Jiska dat, yo deja anrejistre plis pase 350 enspeksyon, ki rapòte plis pase 11,000 liv kanabis ilegal ki vo plis pase 54 milyon dola. Biwo Jesyon kanabis la pibliye mizajou sou aksyon sa yo ansanm ak lòt nouvèl ki gen rapò ak aplikasyon lwa nan premye lendi chak mwa. [W ap jwenn dènye a isit la.](#)

Anfen, premye dispansè Brooklyn ki gen lisans pou itilizasyon adilt la pwograme pou ouvri demen, madi 19 desanm nan 2370 Coney Island Avenue. Brooklyn se te youn nan senk rejyon entèdi kote yon enjonksyon te anpeche ouvèti nenpòt magazen kanabis pou itilizasyon adilt nan yon pwosè ki te regle nandebi ane sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)